

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Dina hirup kumbuh sapopoè, basa ngabogaan pancèn salaku alat komunikasai pikeun manusa. Ieu hal luyu jeung pamadegan Sudaryat (2005: 10) anu nètélakeun yèn basa tèh nya éta lambang sora omongan nu dihasilkeun ku pakas ucap manusa kalawan puguh èntèp seureuhna (sistematis) tur ragam (konvensional) antara anggota masarakat pikeun komunikasi.

Basa Sunda salaku alat komunikasi pikeun masarakat Jawa Barat mangrupa salah sahiji kabudayaan nasional. Dina harti séjèn yèn basa Sunda tèh mibanda kalungguhan penting salaku basa daèrah. Salaku basa daèrah, basa Sunda ngabogaan fungsi sabagé: (1) lambang kareueus daèrah; (2) lambang idèntitas daèrah; (3) alat panghubung di lingkungan kulawarga jeung masarakat daèrah. Ku kituna, pikeun mungsikeun éta hal, basa Sunda perlu dimumulè jeung dimekarkeun sangkan tetep hirup tumuwuh nepi ka bisa dipakè kareueus ku masarakat Sunda sorangan.

Salah sahiji tarèkah pikeun ngamumulè basa Sunda nya éta ngaliwatan atikan formal atawa pangajaran di sakola-sakola. Pangajaran basa Sunda di sakola-sakola ti mimiti Taman Kanak-kanak (TK) nepi ka SMA di Jawa Barat, ngabogaan tujuan sangkan siswa leuwih wanoah, weruh, tur parigel ngagunakeunana. Leuwih jembarna, sakumaha anu ditètélakeun dina Standar Kompetensi Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda (KTSP) yèn sacara umum

tujuan pangajaran basa jeung sastra Sunda téh nya éta sangkan murid bisa ngahontal tujuan-tujuan di handap ieu:

- 1) Murid ngahargaan jeung mikareueus basa Sunda salaku basa daèrah jeung basa resmi kadua di Jawa Barat (sanggeus basa Indonèsia).
- 2) Murid maham basa sunda tina segi wangun, ma'na jeung fungsi, sarta bisa ngagunakeun sacara tepat jeung kréatif luyu jeung kontèks, antara lain, tujuan, kaperluan, jeung kaayaan.
- 3) Murid ngagunakeun basa Sunda pikeun ningkatkeun kaparigelan intelèktual, kematangan émosional, jeung kematangan sosial.
- 4) Murid ngabogaan disiplin dina ngagunakeun basa (nyarita jeung nulis sarta mikir).
- 5) Murid bisa menikmati jeung ngamangpaatkeun karya sastra Sunda pikeun mekarkeun kapribadian, ngalegaan wawasan hirup, sarta ningkatkeun pangaweruh jeung kaparigelan basa Sunda.

Tujuan pangajaran basa Sunda sacara umum ngarujuk kana ranah kompetensi basa nya éta kognitif, afektif, jeung psikomotorik. Pakait jeung éta hal, kamampuh ngagunakeun basa Sunda nekenkeun kana opat aspèk kaparigelan basa nu ngawengku: kaparigelan ngaregepkeun, kaparigelan nyarita, kaparigelan maca, jeung kaparigelan nulis. Sakumaha anu ditètélakeun ku Tarigan (1987: 1) yèn:

- Keterampilan berbahasa (*language arts, language skills*) dalam kurikulum di sekolah bisaanya mencakup empat segi, yaitu:
- a. Keterampilan menyimak (*Listening skill*)
 - b. Keterampilan berbicara (*Speaking skill*)
 - c. Keterampilan membaca (*Reading skill*)

d. Keterampilan menulis (*Writing skill*)

Kaparigelan nulis salaku salah sahiji standar kompetensi, mangrupa (1) kaparigelan basa nu produktif, (2) hiji prosès nyusun lambang grafis, jeung (3) prosès komunikasi ngaliwatan lambang grafis. Dina KTSP, standar kompetensi isi mata pelajaran basa jeung sastra Sunda dina kamampuh nulis téh nya éta bisa nulis sacara éfèktif jeung éfisièn pikeun ngungkapkeun pesan (pikiran, perasaan, jeung kahayang) jeung kréativitas dina sagala wangun sarta warna karangan (wacana tulis).

Standar kompetensi nu mangrupa cpat kaparigelan basa téh ditepikeun ngaliwatan aspèk kabasaan. Konsèp kabasaan nu dijadikeun kompetensi dasar dina kaparigelan nulis, salah sahijina nya éta kompetensi siswa dina nulis kalimah.

Kalimah nya éta kecap atawa runtuyan kecap nu puguh adeganana pikeun ngèbrèhkeun pikiran kalawan gèmleng diwatesan ku randegan panjang nu binarung jeung wirahma ahir turun atawa naék (Sudaryat, 2005: 55).

Kalimah sabenerna mah alat komunikasi utama dina hiji basa. Hiji omongan diwangun ku kalimah. Ku kituna, urang kudu ningali yèn kalimah lain wungkul mangrupa tata runtuyan kecap-kecap, tapi dina éta runtuyan kecap aya organisasi sarta aturan nu ditalungtik jeung didèskripsikeun. Harti sarta èksistènsi kecap leuwih bisa karasa dina kontèks kalimah anu ngabogaan fungsi salaku dasar komunikasi.

Kalimah salancar jembar mangrupa salah sahiji wangun kalimah anu jadi bahan ajaran dina pangajaran basa jeung sastra Sunda di sakola-sakola. Ku kituna,

siswa-siswa anu narima pangajaran kalimah salancar jembar bisa jadi sarana pikeun ngamumulè jeung mekarkeun basa Sunda satuluyna.

Dumasar kana hal anu ditètélakeun di luhur, panyusun mibanda anggapan yèn perlu ayana panalungtikan ngeunaan perkara éta leu panalungtikan tèh dibère judul: **KORELASI ANTARA PANGAWERUH JEUNG KAMAMPUH NYUSUN KALIMAH SALANCAR JEMBAR SISWA KELAS IX SMP NEGERI 20 KOTA BANDUNG.**

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Dumasar taksonomi Bloomfield, tingkat pangaweruh jeung kamampuh tèh ngawengku ingetan (*recall*), pamahaman (*comprehension*), aplikasi (*application*), analisis (*analysis*), sintètis (*synthesis*), jeung evaluasi (*evaluation*).

Dina ieu panalungtikan, masalah baris diwatesanan. Garapan panalungtikan ngeunaan pangaweruh jeung kamampuh nyusun kalimah salancar jembar ngawengku ingetan, pamahaman, jeung aplikasi kana ciri jeung adegan kalimah salancar jembar.

1.2.2. Rumusan Masalah

Luyu jeung watesan masalah nu ditètélakeun di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun pananya di handap ieu:

1. Kumaha pangaweruh siswa kelas IX SMP Negeri 20 Kota Bandung kana kalimah salancar jembar?
2. Kumaha kamampuh siswa kelas IX SMP Negeri 20 Kota Bandung dina nyusun kalimah salancar jembar?
3. Naha aya korèlasi anu signifikan antara pangaweruh jeung kamampuh nyusun kalimah salancar Jembar?

1.3. Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Panalungtikan

Sacara umum tujuan nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nya éta meunangkeun gambaran ngeunaan korèlasi antara pangaweruh jeung kamampuh nyusun kalimah salancar jembar siswa kelas IX SMP Negeri 20 Kota Bandung.

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadèskripsikeun:

- 1) pangaweruh siswa kelas IX SMP Negeri 20 Kota Bandung kana kalimah salancar jembar;
- 2) kamampuh siswa kelas IX SMP Negeri 20 Kota Bandung dina nyusun kalimah salancar jembar; jeung
- 3) korèlasi antara pangaweruh jeung kamampuh dina nyusun kalimah salancar jembar.

1.3.2. Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat atawa hasil nu dipiharep dina ieu panalungtikan bisa ditingali dina dua segi, nya éta segi paèlmuan jeung tina segi praktis.

1) Mangpaat Paèlmuan

- a. Muka wawasan èlmu pangaweruh leuwih jembar ngeunaan kalimah salancar jembar;
- b. Ngcuyuban ngeunaan tiori jeung aplikasi bahan atawa materi kalimah salancar jembar dina pangajaran basa jeung sastra Sunda.

2) Mangpaat Praktis

- a. Sumber bahan pangajaran pikeun guru di SMP;
- b. Mère gambaran pikeun guru ngeunaan pangaweruh jeung kamampuh siswa dina nyusun kalimah salancar jembar;
- c. Mère motivasi panalungtik sèjèn dina neuleuman masalah nu aya dina ieu panalungtikan.

1.4. Anggapan Dasar

Surakhman (Arikunto, S:2002) nètélakeun yèn anu disebut anggapan dasar téh nya éta “Sebuah titik tolak pemikiran yang kebenarannya diterima oleh penyelidik.”

Luyu jeung pamadegan di luhur, anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan téh nya éta:

- 1) Kalimah salancar jembar mangrupa salah sahiji bahan pangajaran basa di sakola.
- 2) Pangaweruh jeung kamampuh siswa ngeunaan kalimah salancar jembar bisa diukur.

- 3) Kamampuh siswa dina nyusun kalimah salancar jembar aya dina KTSP.

1.5. Hipotèsis

Suharsimi Arikunto (1998: 62) nètélakeun:

“Hipotesis merupakan suatu jawaban yang bersifat sementara terhadap permasalahan penelitian, sampai terbukti melalui data yang terkumpul dan sekurang-kurangnya mengandung dua variabel atau lebih.”

Dumasar pedaran di luhur, anu jadi hipotèsis dina ieu panalungtikan téh nya éta:

1. Hipotèsis nol (H_0)

“Teu aya korèlasi anu signifikan antara pangaweruh jeung kamampuh siswa dina nyusun kalimah salancar jembar.”

2. Hipotèsisi alternatif (H_1)

“Aya korèlasi anu signifikan antara pangaweruh jeung kamampuh siswa dina nyusun kalimah salancar jembar.”

1.6. Tatapakan Tiori

Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku tiori panalungtikan jeung tiori kabasaan. Tiori-tiori panalungtikan jeung kabasaan anu digunakeun téh kawengku dina buku-buku: *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktek* (Suharsimi Arikunto: 1998), *Pengantar Metodologi Penelitian Pendidikan dan Pengajaran Bahasa* (Amir Suyatna: 2002), *Dasar-*

Dasar Evaluasi Pendidikan (Suharsimi Arikunto: 1999), *Metode Research* (Nasution:1996), *Statistik Pendidikan* (M. Subana: 2000), *Dasar-dasar Penelitian non èksak lainnya* (H. E. T. Ruseffendi: 2003) *Teknik Evaluasi Pendidikan* (M. Chabib Thoha: 2001?), *Pedaran Basa Sunda* (Yayat Sudaryat: 2003), *Tata Bahasa Baku Bahasa Indonesia* (Depdikbud: 1997), *Wacana Adegan, Kecap, Frasè, jeung Klausa Basa Sunda* (Frawirasumèatri: 1993), jeung *Prinsip-prinsip Dasar Sintaksis* (Tarigan: 1985), *Linguaistik* (Mansoer Patèda: 1994).

1.7. Mètode jeung Tèhnik Panalungtikan

1.7.1. Mètode Panalungtikau

Dumasar kana masalah jeung tujuan nu bayang dihontal, ieu panalungtikan ngagunakeun mètode dèskriptif korelasional. Mètode dèskriptif nya èta salah sahiji mètode anu dipakè pikeun ngarèngsèkeun masalah anu aktual ku jalan nyieun papasingan, ngumpulkeun, nganalisis, jeung napsirkeun data (Surakhmad, 1985: 143). Ari anu dimaksud mètode korèlasional nya èta anu nalungtik hubungan dua variabel atawa leuwih, utamana ngukur variasi dina hiji variabel tumali jeung variasi dina variabel sèjèn.

Anu dikorèlasikeun dina ieu panalungtikan nya èta (X) pangaweruh kalimah salancar jembar siswa SMP Negeri 20 Kota Bandung jeung (Y) kamampuh nyusun kalimah salancar jembar siswa SMP Negeri 20 Kota Bandung.

1.7.2. Tèhnik Panalungtikan

1.7.2.1. Tèhnik Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data nu diperlukeun dina ieu panalungtikan, digunakeun tèhnik tès. Instrumèn nu digunakeunna tèh mangrupa tès obyèktif jeung tès subyèktif. Tès obyèktif nu wangunna pilihan ganda (multiple choice) digunakeun pikeun ngukur pangaweruh siswa ngeunaan kalimah salancar jembar. Sedengkeun tès subyèktif (tès uraian) digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina nyusun kalimah salancar jembar.

1.7.2.2. Tèhnik Ngolah Data

Pikeun ngabuktikeun hipotèsis anu geus dirumuskeun, data nu geus dikumpulkeun tèn tuluy diolah makè sababaraha prosèdur di antarana:

1) Analisis kualitas soal

Dina nganalisis kualitas soal pangaweruh jeung kamampuh nyusun kalimah salancar jembar ieu, ngawengku uji validitas soal, uji reliabilitas tès, nguji tingkat babarina soal jeung ngitung indèks daya pangbèda soal.

2) Analisis hasil tès

Pikeun nganalisis hasil tès, dilaksanakeun ngaliwatan sababaraha tahap di antarana:

- a) Ngitung skor atah kotor (SAK);
- b) Ngitung skor atah bersih (SAB);
- c) Ngitung tahap kapercayaan tès (MI);
- d) Ngitung standar dèviiasi Idèal (SDI); jeung

- e) Ngalarapkeun kana skala 11.
- 3) Analisi korèlasi antara pangaweruh jeung kamampuh nyusun kalimah salancar jembar siswa.

1.8. Sumber Data Panalungtikan

1.8.1. Populasi Panalungtikan

Suyatna (2003: 10) nètélakeun yèn:

“Populasi adalah seluruh objek yang akan diteliti dalam suatu kegiatan penelitian, baik berupa benda, manusia, peristiwa, maupun gejala-gejala yang kan terjadi.”

Dumasar kana hal éta, anu jadi populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabèh siswa kelas IX SMP Negeri 20 Kota Bandung.

1.8.2. Sampel Panalungtikan

Sampel nya éta sabagian tina populasi anu ngabogaan sipat anu sarua jeung populasi. Sampel dina ieu panalungtikan tèn nya éta siswa kelas IX-F SMP Negeri 20 Kota Bandung nu dianggap mibanda karakteristik anu sarua jeung sakabèh siswa kelas IX SMP Negeri 20 Kota Bandung.

